



Pou Piblikasyon Imedya: 07/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN YON PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN KI NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 20 MILYON DOLA NAN UTICA

At The Link nan Sunset ranplase lekòl ki te vid depi lontan an ak 60 apatman pou fanmi ak moun ki bezwen sèvis sipò yo.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse achèyman yon kominote lojman 20 milyon dola nan Utica. The Link nan Sunset ranplase Lekòl Sunset ki te vid depi lontan an ak 60 apatman nan pri ki abòdab ki enkli 12 apatman ki rezève pou adilt ki gen twoub entelektyèl oswa devlopman k ap gen aksè nan sèvis sipò sou plas.

"Disponibilite lojman nan pri ki abòdab epi ki bay sipò se yon eleman enpòtan pou tout kominote k ap pwospere," **Gouvènè Kathy Hochul te deklare.** "The Link nan Sunset sèvi Utica nan plizyè fason, pa sèlman pou ranplase yon lekòl k ap deteryore an yon devlopman lojman modèn, men tou nan bay sèvis vital pou sila yo ki bezwen pi plis yo. Chak Nouyòkè merite yon kote ki ansekirite pou poze tèt yo lannwit epi ak pwojè tankou sa yo n ap travay pou devlope aksè nan lojman pou tout moun."

Devlopman The Link nan Sunset la te enplike demolisyon Lekòl Sunset ki lib epi ki detorye a. Devlopman ki fèk fin konstwi an se yon bilding de etaj ki gen 60 apatman. Karantuit apatman yo nan pri ki abòdab pou fanmi ki ap touche 80 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti ke sa.

Douz apatman rezève pou moun k ap gen aksè nan sèvis sipò sou plas. Pwogram Lojman ki Bay Sipò Entegre, Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanal (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) Eta New York la ap bay finansman pou sèvis ak sibvansyon lwaye yo. Founisè sèvis la se Kelberman Center, ki se devlopè a tou.

Premye etaj bilding lan genyen yon espas komèsyal 7,000 pye kare pou Kelberman Center itilize pou biwo administratif ak pwogram pandan tout ane a pou moun yo sipòte yo, ki enkli evènman ak aktivite pou chak moun k ap viv nan The Link. Kelberman Center, yon sikisal Upstate Caring Partners, Inc. se founisè dirijan sèvis otis pou timoun, adilt ak fanmi nan Mohawk Valley ak santral New York. Kelberman Center a bay pwogram espesyalize, resous ak sèvis sipò pou ede kreye eksperyans anrichisan, konplè pou moun ak fanmi yo.

Pwojè a soumèt ak konfòmite Kominote Antrepriz Ekolojik (Enterprise Green Communities), règ pou avni dirab epi sèl pwogram ekolojik nasyonal peyi a ki fèt eksprè pou konstriksyon lojman nan pri ki abòdab ak Vèsyon 3.1 EPA Pwogram Kay Sètifye ENERGY STAR® la. Sistèm mekanik pwojè a enkli vantilatè rekiperyasyon enèji pou chofaj ak èkondisyone santral pou chak inite. Konstriksyon an genyen tou pratik ki ekoenèjetik ak ekipman tankou aparèy, pwodiksyon dlo cho, fenèt, ekleraj, ensilasyon, ak selaj fuit lè yo.

Ekipman rezidansyèl siplemantè yo enkli sal fitnès, salon, ak yon sal kominotè. Devlopman an sitiye nan yon katye pyeton plizyè izaj ki gen biznis detay ak komèsyal epi li toupre transpò piblik.

Finansman Eta a gen ladan l Kredite Enpo federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni ki Fèb ki te jenere 13 milyon dola nan fon pwòp ak 3.7 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. OPWDD te bay 1.8 milyon dola nan kapital epi NYSERDA te bay 60,000 dola sipò. Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley a (Mohawk Valley Regional Economic Development Council) a te rekòmande yon Sibvansyon Fon Kapital Faz 9 atravè Empire State Development pou 380,000 dola pou itilize pou depans demolisyon ak konstriksyon kòm echanj pou kreyasyon 12 djòb. Vil Utica te bay 300,000 dola.

The Link at Sunset se yon pati nan Plan Lojman san presedan, senk ane eta a pou 20 milya dola, pou rann lojman aksesib ak pou konbat sanzabri gras ak konstriksyon oswa prezèvasyon plis pase 100,000 lojman abòdab ak 6,000 lojman ki gen sèvis sipò. Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la te envesti plis pase 265 milyon dola nan Mohawk Valley, ki te kreye oswa prezève plis pase 2,500 lojman abòdab.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR la, te deklare, "Vil tankou Utica pwospere lè fanmi yo gen aksè nan kay ki nan pri abòdab nan katye yo chwazi. Envestisman nou an nan Link nan Sunset te kreye 60 apatman ekoenèjetik nan yon bèl nouvo apatman ki amelyore sekirite ak kalite lavi pou tout kominote a. Lè nou enkli 12 kay ki bay sipò ak espas komèsyal pou Kelberman Center, The Link nan Sunset ap anrichi lavi moun ki gen defisyans entelektiyèl ak devlopman epi ede yo atenn endepandans yo. Nou fyè pou fè pati devlopman pasyonan sa epi nou rekonesan anpil pou tout patnè eta ak lokal yo pou sipò yo."

Komisè pa Enterim Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanal Eta New York la (New York State Office for People with Developmental Disabilities), Kerry Neifeld, te deklare, "OPWDD kontan pou fè pati yon pwojè ki ofri bèl apatman modèn ki baze nan kominote a pou moun ki gen twoub devlopman, jan the Link nan Sunset fè a. Nou angaje pou kontinye sipòte pwojè tankou sa pandan n ap eksplore nouvo opòtinite ki inovan pou sila yo ki nan bezwen."

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "NYSERDA kontan wè achèvmman The Link nan Sunset k ap bay lojman siplemantè nan pri abòdab pou rezidan ki gen revni ki fèb nan Utica yo ki bay sipò, ki sen epi ki responsab sou plan anviwònman. Pwojè sa, ansanm ak lòt atravè eta a, ap demontre ke nouvo konstriksyon ka efikas pandan l ap antre pratik ekoenèji ak ekipman depwent ki fè efò nou yo avanse pou diminye emisyon ki danjere yo."

Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare, "Sipò alontèm, espesyalman lojman ki bay sèvis ak opòtinite edikatif pou moun ki gen enfimite, vital pou siksè ekonomik chak kominote. The Link nan Sunset pa sèlman bay sipò sa pou sila yo k ap viv nan bilding lan men l ap ede plizyè santèn lòt moun nan tout Mohawk Valley."

Direktè Egzekitif Kelberman Center a, Tara Costello, te deklare, "Kelberman Center fyè epi antouzyas pou fè vizyon li de lojman bon kalite, ki an sekirite, epi ki santre sou kominote yon reyalite. Kreyasyon The Link lan te egzije yon ekip patnè ki devwa ki te ede fè pwojè sa pote fui nan yon moman kote lemond antye te vire tèt anba pa yon pandemi mondyal. Mwen pa ka remèsye tout jwè kle sa yo ase pou andirans yo ak paske yo fè pwojè monimantal sa vin yon reyalite. The Link se vrèman yon bèl bilding ki pa sèlman reprezante mouvman vè opsyon kalite lavi pou moun tout kapasite, men ki reflekte travay di ak devouman anpil moun pandan yon moman ki difisil anpil. Kelberman Center rekonesan pou sipò anpil moun."

Senatè John W. Mannion, Prezidan Komite Sena a pou Enfimite, te deklare, "The Link nan Sunset te transfòme yon bilding vid nan Utica an yon modèl modèn, pou lojman nan pri abòdab, ki bay sipò pou Nouyòkè ki gen yon I/DD. The Link ban mwen lespwa ke n ap kontinye devlope opsyon lojman ki bay sipò pou reponn ak bezwen kominote ki gen andikap yo. Mwen pwolonje rekonesans mwen bay Gouvènè Hochul ak ekip li a yo nan HCR ak OPWDD ki fè The Link yon priyorite, ak pou Kelberman Center pou angajman li nan Mohawk Valley."

Majistra Robert Palmieri te deklare, "Pwojè sa se yon bèl ekzanp patenarya piblik-prive ki ede abòde yon gwo bezwen nan kominote nou an. Mwen remèsye tout ajans ak òganizasyon eta yo ki te travay ansanm pou transfòme yon blesi an inite lojman pou rezidan Utica yo."

Kad Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente Jr., te deklare, "Kelberman Center fè travay ekstraòdinè nan Konte Oneida epi nouvo Link nan Sunset la se yon egzant prensipal de benefis yo pote nan kominote nou an. Pwojè sa pote nouvo lavi nan yon pwopriyete ki te vid depi lontan, epi li p ap sèlman reponn ak bezwen yon popilasyon ki defavorize lè li bay lojman ak sèvis pou moun ki gen twoub devlopman ak entelektyèl yo, men tou, l ap bay lojman ki nesèsè anpil pou lòt moun. Mwen bat bravo pou pwojè sa epi mwen remèsye chak moun ki te jwe yon wòl pou lèl reyalize."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418